

## **Tsamba iyi inopa umbowo pamusoro pekuchecheudzwa kwevarume nekudzivirira HIV.**

### **Chii chinonzi Kuchecheudzwa Kwevarume?**

Chirevo chekuti “kuchecheudzwa kwevarume” chinoreva kuti kuchekwa kweganda rekumusoro kwenhengo yemurume. Pasi rose, kuchecheudzwa kunoitirwa zvikonzero zvakaita sechitendero, magariro, zveutano nezvimwewo. Chikamu chingangoita makumi matatu kubva muzana (30%) chevarume pasi rose chakachecheudzwa. Chirevo chekuti “kuchecheudzwa kwevarume pahutano” chinoreva kuti kuchekwa (operation) kweganda rekumusoro navanamazvikokota vezvehutano vakadzidzira basa ravo. Pane dzimwe nzira dzekuchecheudzwa dzinonzi “kuchecheudzwa pachivanhu” dzinosanganisira mhando dzakasiyana siyana dzekucheka ganda rekumusoro, dzinowanzoitwa nevanhu vasiri vanamazvikokota vezvehutano.

### **Chii chinozivikanwa pamusoro Pekuchecheudzwa Kwevarume Nekudzivirira HIV?**

Tsvakurudzo dzeongororo nhatu (3) dzakaongorora munguva pfupi yapfuura kana kuchecheudzwa kwevarume pahutano kuchikwanisa kudzivirira varume pakubatira HIV pakusangana pabonde. Tsvakurudzo idzi dzaisanganisira varume vanopfuura zviuru gumi (10 000) kubva ku Kenya, Uganda, ne South Africa. Tsvakurudzo idzi dzakaraidza kuti varume vakachecheudzwa vakanga vaine mukana uri pakati nepakati (half) wekubatira HIV pane varume vakanga vasina kuchecheudzwa. Nemamwe matauriro, kuchecheudzwa kwakawanikwa kuchishanda zvakanwana pakudzivirira varume pakubatira HIV nezvikamu makumi mashanu kubva muzana (50%). Imwe nzira yekutsanangura izvi ndeyekufunga nezvevarume gumi (10) vangangowana HIV kubva mukusangana pabonde nemudzimai ane hutachiwana hwe HIV vasina kuzvidzivirira. Pakati pevarume gumi (10) ava, kuchecheudzwa kunotarisirwa kudzivirira vashanu vavo pakubatira HIV.


Kuchecheudzwa pahutano kwevarume inzira inoshanda kuvarume pakudzikisa mikana yavo yekuwana HIV. Zvisinei, kuchecheudzwa hakudzivirire zvachose kubatira HIV. Nekuda kweizvi, kuchecheudzwa kunofanira kushandiswa pamusoro pedzimwe nzira dzinozivikanwa dzekudzivirira HIV, kusanganisira kushandisa makondomu nemazvo nguva dzose.

### **Chii chimwe chinozivikanwa nezve kuchecheudzwa kwevarume?**


Pane rumwe ruzivo rwakakosha maererano nekuchecheudzwa kwevarume rwunofanira kuzivikanwa nevarume nemadzimai. Kuchecheudzwa kwevarume hakudzivirire madzimai pakubatira HIV. Varume vane HIV uye vakachecheudzwa vanokwanisa kutapurira vamwe vavo ne HIV. Chokwadi chaicho, murume ane mukana wakanyanyisa wekutapurira mumwe wake ne HIV mushure mekunge achangochecheudzwa, chironda chake chisati chapora. Nekuda kweizvi, murume achangobva mukuchecheudzwa anofanira kumira kusvika ronda rake rapora zvachose asati asangana pabonde.



Kana muine mibvunzo kana kuti muchida umbowo  
hwakapamhidzirwa, ndapota shanyai ku kiriniki yetsvakurudzo:



Kana muine chero mibvunzo yangomuka kana zvamungatyira  
munogonazve kubata:



---

## Umbowo pamusoro Pekuchecheudzwa Kwevarume uye Kudzivirira HIV

---

